



Pou Piblikasyon Imedya: 05/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 70 MILYON DOLA ENVESTISMAN NAN PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO ENPÒTAN ATRAVÈ ETA NEW YORK

***Apwobasyon asistans finansye a otorize aksè minisipal nan kapital ki nesèsè pou pwojè ki pare pou lanse pou pwoteje dlo potab, anpeche polisyon ak diminye risk pou sante piblik ak anviwònman***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 70 milyon dola pou sipòte pwojè amelyorasyon nan enfrastruktir dlo atravè Eta New York. Konsèy Administrasyon Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) la te apwouve finansman nan pri ki ba epi te deja anonse sibvansyon, ki otorize aksè minisipal yo nan kapital ki nesèsè pou kòmanse travay pou pwojè pou dlo potab ak egou ki diminye risk potansyèl pou sante piblik ak anviwònman an. Konsèy la te apwouve tou finansman alontèm nan pri ki ba pou senk pwojè ki fini, ki bay soulajman dèt atravè to enterè ki pi ba pase si minisipalite yo te prete poukont yo.

"Eta New York pran angajman pou l bay kominote yo resous ki nesèsè pou pran aksyon sou pwojè enfrastruktir dlo enpòtan ki anpeche ekspozisyon ak risk sante yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sibvansyon ak finansman Konsèy Administrasyon Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal apwouve yo pral ogmante plis investisman lokal yo pou ede asire kominote nou yo ki nan tout kwen nan New York gen aksè a dlo pwòp ak san danje".

Pwen fò sou finansman ki apwouve a gen ladan sibvansyon pou trete kontaminan emèjan yo ki pi wo pase Nivo Kontaminan Maksimòm (Maximum Contaminant Level, MCL) Eta a detèmine. Sa gen ladan sibvansyon ki totalize 16.2 milyon dola pou Otorite Dlo Konte Suffolk pou 11 pwojè dlo potab ak yon sibvansyon 2 milyon dola pou Distri Dlo Manhasset Lakeville nan Konte Nassau.

Konsèy la te apwouve de pwojè egou enpòtan tou ki itilize sibvansyon eta a ak finansman Lwa federal sou Enfrastruktir Bipatit (Bipartisan Infrastructure Law, BIL). Investisman eta ak federal sa yo gen ladan plis pase 7 milyon dola pou Vil Watervliet nan Konte Albany ak plis pase 2.5 milyon dola pou Vilaj Sidney nan Konte Delaware.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal Eta New York la, Maureen A. Coleman, te deklare,** "Resous enpòtan ki enkli nan

anons jodi a souliye angajman Gouvènè Hochul pou ede asire tout kominote New York yo gen asistans finansye ki nesèsè pou antreprann pwojè egou ak dlo potab enpòtan yo. N ap fè amelyorasyon estratejik, pou sove lavi nan enfrastrikti dlo eta nou an epi investisman sa yo pral benefisye Nouyòkè yo pou jenerasyon k ap vini yo".

**Prezidan Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal Eta New York ak Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare,** "Angajman Gouvènè Hochul pran pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a dlo pwòp evidan nan investisman soutni Eta a nan pwojè dlo pwòp, tankou sibvansyon yo te anonse jodi a, epi li ranfòse ak travay DEC ap fè nan kominote atravè eta a pou pwoteje dlo potab kont kontaminan emèjan yo ak lòt polyan. DEC fyè pou l travay ak patnè eta ak federal nou yo sou pwojè enfrastrikti dlo pou pwoteje sante kominote nou yo ak resous natirèl nou yo pou jenerasyon k ap vini yo".

**Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Aksè nan dlo potab se yon pati fondamantal nan bati ak kenbe yon kominote an sante. Investisman sa yo Gouvènè Hochul te anonse jodi a rekonèt bezwen sa a epi yo pral asire ke plis Nouyòkè gen aksè a pi bon kalite dlo potab posib".

**Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Eta New York kontinye pwo-aktif nan amelyore enfrastrikti dlo pwòp nou an, ki se yon gwo priorite pou kreye kominote ki an sante, dirab ak rezistan. Investisman 70 milyon dola ki disponib pou asistans finansye pou pwojè amelyorasyon dlo ak egou atravè eta a pral ofri resous ki nesèsè yo pou ede diminye risk potansyèl pou sante piblik, benefisye kominote nou yo ak ranfòse anviwònman ak ekonomi New York pou jenerasyon k ap vini yo".

**Administratè Rejyonal Ajans Pwoteksyon Anviwònmanatal la, Lisa F. Garcia, te deklare,** "Finansman an isit la epi pare pou kominote yo itilize pou yon varyete amelyorasyon nan enfrastrikti dlo atravè Eta New York, gras a Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la. Soti nan asire moun yo gen aksè a dlo potab rive nan redui dlo egou nan vwa navigab nou yo, mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal paske yo te jwenn finansman sa a pou pwojè tanjib yo pou amelyore lavi moun atravè eta a".

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Soti nan pwoblèm konduit souvan, pase nan enfrastrikti k ap deteryore, rive nan kontaminan tankou plon ak PFAS, sistèm dlo nou yo te neglije pandan twò lontan, souvan nan detriman sante ak sekirite kominote nou yo. Apre plizyè dizèn ane ap inyore enfrastrikti kache men kritik sa a, mwen te fyè pou m pran aksyon nan Kongrè a avèk Lwa sou Enfrastrikti Bipatit nou an. Mwen rekonesan pou m wè finansman federal ak eta a ki ale jwenn New York, epi mwen pa ka tann pou m kontinye fè presyon pou investisman ki nesèsè nan enfrastrikti dlo rejyon nou an".

**Finansman Pwojè Dlo Pwòp yo Apwouve:**

- **Vilaj Florida nan Konte Orange** - 54,540 dola sibvansyon WIIA pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon yon nouvo sistèm dezenfeksyon devèsman nan izin tretman dlo ize a.
- **Vilaj Avon nan Konte Livingston** - 600,000 dola finansman akoutèm san enterè, 1,000,000 dola finansman akoutèm ak nan to mache a ak 200,000 dola sibvansyon WIIA pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon dezenfeksyon nan izin tretman dlo ize a.
- **Vil Seneca Falls nan Konte Seneca** - 5,130,000 dola finansman akoutèm san enterè ak 1,710,000 dola sibvansyon WIIA pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon nouvo rezèvman devèsman an eksè nan izin tretman dlo ize Seneca Falls.
- **Vil Watervliet nan Konte Albany** - 875,000 dola finansman akoutèm san enterè ak sibvansyon 2,549,000 dola ki soti nan Fon Siplemanchè Jeneral BIL, 2,500,000 dola finansman akoutèm ak nan to mache a ak 1,248,141 dola sibvansyon WIIA pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon pwojè eliminasyon debòdman egou konbine.
- **Vilaj Sidney nan Konte Delaware** - 565,312 dola finansman akoutèm san enterè ak sibvansyon 887,469 dola ki soti nan, 565,313 dola sibvansyon CWSRF ak 565,313 dola sibvansyon WIIA pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon nan enstalasyon tretman dlo ize a.
- **Vilaj Corinth nan Konte Saratoga** - 12,423,597 dola finansman akoutèm san enterè pou ranplasman izin tretman dlo ize ak reyabilitasyon sistèm koleksyon.
- **Vil Bethel nan Konte Sullivan** - 2,474,520 dola finansman alontèm san enterè pou reyabilite ak ranplase kèk pati nan sistèm koleksyon egou sanitè k ap sèvi Distri Egou Lak Kauneonga.
- **Vil Alden nan Konte Erie** - 4,961,891 dola finansman alontèm san enterè pou amelyorasyon nan egou sanitè ak izin tretman dlo ize.
- **Vil Oswego nan Konte Oswego** - 7,436,058 dola finansman alontèm san enterè pou planifye, konsevwa ak konstwi amelyorasyon nan sistèm elektrik, mekanik ak lojisyèl nan de izin tretman dlo ize vila la.
- **Vil Troy nan Konte Rensselaer** - 4,800,652 dola finansman alontèm san enterè pou pwojè rediksyon devèsman egou konbine nan Vil Troy, Albany ak Cohoes pou sipòte Plan Kontwòl Alontèm Devèsman Egou Konbine nan Basen Albany.

### **Finansman Pwojè Dlo Potab yo Apwouve**

- **Otorite Dlo Konte Suffolk** - 11 sibvansyon WIIA ki bay yon total 16,200,000 dola pou konstriksyon nouvo sistèm pwosesis oksidasyon avanse pou elimine 1,4 dyoksan nan lokal sa yo:
  - Chan kaptaj Pak Eta Sunken Meadow ki sitiye nan Kings Park, Vil Smithtown.
  - Pi No. 3 nan chan kaptaj Third Avenue ki sitiye nan Brentwood, Vil Islip.
  - Chan kaptaj Commercial Boulevard ki sitiye nan Santral Islip, Vil Islip.
  - Chan kapataj Douglas Avenue ki sitiye nan Vilaj Northport, Vil Huntington.
  - Chan kaptaj Old Dock Road ki sitiye nan Kings Park, Vil Smithtown.

- Chan kaptaj Lawrence Road ki sitiye nan Kings Park, Vil Smithtown.
  - Chan kapataj Wayne Court ki sitiye nan Fort Salonga, Vil Huntington.
  - Chan kaptaj Jayne Boulevard ki sitiye nan Terryville, Vil Brookhaven.
  - Chan kaptaj Wheeler Road ki sitiye nan Hauppauge, Vil Smithtown.
  - Chan kaptaj Peconic Street ki sitiye nan Lakeland/Ronkonkoma, Vil Islip.
  - Chan kaptaj Woodchuck Hollow Road ki sitiye nan Pò Cold Spring, Vil Huntington.
- **Distri Dlo Manhasset Lakeville nan Konte Nassau** - Sibvansyon WIIA 2,058,600 dola pou enstalasyon yon sistèm kabòn granilè aktive pou retire asid pèfliyowoktanoyik (PFOA) ak silfonat pèfliyowoktàn (PFOS) nan Pi Willets.
  - **Vil Bedford nan Konte Westchester** - Sibvansyon WIIA 841,050 dola pou konstriksyon yon bilding kontwòl, sistèm enjeksyon klowòks, koneksyon konduit prensipal dlo ak sèvis elektrik anplis de nouvo rezèvwa pou Farms and Old Post Road Water Districts.
  - **Vilaj Brockton nan Konte Chautauqua** - Finansman akoutèm 395,520 dola ak nan to mache a epi sibvansyon WIIA 605,280 dola pou ranplase apeprè 3,400 pye lineyè konduit prensipal dlo 8 pye nan Central Avenue.

### Angajman New York pou Kalite Dlo

New York kontinye ogmante investisman li nan pwojè enfrastrikti dlo pwòp. Dènyèman, nan ajanda Eta Leta 2023 li a, Gouvènè Hochul te angaje l pou l investi 500 milyon dola anplis nan finansman dlo pwòp, sa ki mennen investisman total New York nan enfrastrikti dlo pwòp la nan 5 milya dola. Pou eksplwate investisman sa yo epi asire kowòdinasyon kontinyèl ak gouvènman lokal yo, Ekip Asistans Kominotè a ap fè sansibilizasyon ki pwo-aktiv pou ti kominote riral epi ki defavorize yo epi ede yo jwenn aksè nan èd finansye pou reponn a bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo. Nou ankouraje kominote yo ki bezwen asistans pou yo kontakte EFC lè yo ale nan [efc.ny.gov/CAT](https://efc.ny.gov/CAT).

Anplis de sa a, avèk apwobasyon votè yo pou 4.2 milya dola [Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt](#) (Clean Water, Clean Air, and Green Jobs Environmental Bond Act) 2022 a, gen plis nivo finansman istorik pou mete ajou enfrastrikti dlo ki aje epi pwoteje kalite dlo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan investi omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan resous nan kominote defavorize yo.

EFC te kòmanse pwosesis pou mete finansman Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal (Environmental Bond Act) pou enfrastrikti dlo ki disponib atravè pwogram sibvansyon li yo. [Pwojè sou direktiv elijibilite ke yo pibliye pou kòmantè piblik](#) elaji eritaj pwogram sibvansyon WIIA/Entèminisipal yo nan zafè modènizasyon sistèm ki vye epi pwoteksyon dlo potab. Y ap aksepte kòmantè piblik sou direktiv pou elijibilite yo jiska 5 p.m. nan vandredi 14 avril. Soumèt kòmantè ki ekri yo bay Mère Cunningham nan [NYSWaterGrants@efc.ny.gov](mailto:NYSWaterGrants@efc.ny.gov) oswa Environmental Facilities Corporation 625 Broadway, Albany, NY 12207.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)